



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSEKANS KI GEN DWA GENYEN SI YO ANILE LWA POU SWEN SANTE ABÒDAB (“AFFORDABLE CARE ACT”) NAN NEW YORK

Plis Pase 2.7 Milyon Moun New York ap Pèdi Asirans

Bidjè Leta a ap Gen yon Twou Apeprè \$3.7 Bilyon

Konte Toupatou nan New York ap Pèdi Plis Pase \$595 Milyon pou Depans Dirèk

Rezidan New York ap Pèdi \$250 Milyon nan Kredi sou Taks pou Sere Lajan pou Swen Sante

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kijan sa gen dwa afekte asirans sante moun New York ak bidjè leta, si yo anile Lwa pou Pwoteksyon Moun Malad ak Swen Sante Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act). Si yo ta anile Lwa pou Swen Sante Abòdab la (Affordable Care Act, ACA), apeprè 2.7 milyon moun New York ap pèdi asirans sante yo. Leta New York ap santi yon enpak dirèk \$3.7 milya nan bidjè li, e l ap fè yon pèt prèske \$600 milyon dola nan kad finansman federal ki ale jwenn konte yo tou dwat pou ede yo bese taks sou pwopriyete.

“Konsekans anilasyon Lwa pou Swen Sante Abòdab la grav anpil pou bidjè leta ak bidjè lokal, epitou pou moun New York ki konte sou li pou jwenn asirans. Pa gen anyen ki esplike anilasyon sa a,” **Gouvènè Cuomo di.** “Depi enplemantasyon li, Lwa pou Swen Sante Abòdab la tounen yon zouti pwisan pou bese pri asirans sante pou gouvènman lokal yo e pou moun New York. Li enpòtan pou gouvènman federal la pa mete an danje sante ak egzistans plizyè milyon fanmi k ap travay.”

Mache Asirans Sante Eta NY la (NY State of Health exchange) te jwenn siksè lè li te redui de mwaye pousantaj moun New York ki pa gen asirans, sòti 10 pousan pou pase a 5 pousan. Epitou, li te jwe yon wòl enpòtan pou pèmèt plis moun kalifye pou yo jwenn asirans sante, kifè plizyè santèn de milye de moun New York, ki pat gen asirans anvan, te rive jwenn sekirite ekonomik ansanm ak swen lasante. Baze sou kantite moun ki enskri prezantman, anilasyon Lwa pou Swen Sante Abòdab ka lakòz 2.7 milyon moun New York pèdi asirans sante yo. Men kantite moun yo estime ki riske pèdi asirans

sante, baze sou kantite moun ki enskri prezantman, nan chak konte:

Konte	Moun ki Riske Pèdi Asirans Sante
Albany	25,552
Allegany	4,608
Bronx	300,012
Broome	20,231
Cattaraugus	8,310
Cayuga	7,665
Chautauqua	15,270
Chemung	9,160
Chenango	5,184
Clinton	7,787
Columbia	6,827
Cortland	4,606
Delaware	4,461
Dutchess	25,074
Erie	93,403
Essex	3,660
Franklin	5,110
Fulton	6,038
Genesee	5,074
Greene	4,971
Hamilton	522
Herkimer	6,932
Jefferson	10,955
Kings	540,320
Lewis	2,932
Livingston	4,972
Madison	5,861
Monroe	75,512
Montgomery	5,473
Nassau	133,324
New York	218,937

Niagara	21,287
Oneida	24,781
Onondaga	45,682
Ontario	9,355
Orange	37,851
Orleans	4,522
Oswego	12,568
Otsego	5,785
Putnam	7,006
Queens	493,058
Rensselaer	12,540
Richmond	56,882
Rockland	38,526
Saratoga	16,340
Schenectady	16,056
Schoharie	3,079
Schuyler	2,065
Seneca	3,145
St. Lawrence	11,063
Steuben	10,039
Suffolk	152,631
Sullivan	9,668
Tioga	4,560
Tompkins	7,827
Ulster	19,850
Warren	6,796
Washington	6,689
Wayne	9,354
Westchester	91,844
Wyoming	3,700
Yates	2,515
Total	2,715,807

Yo estime enpak dirèk anilasyon an sou bidjè leta se va \$3.7 milya. Grasa Lwa pou Sante Abòdab la, konte New York yo te kapab sèvi avèk eksè ki te genyen sou lajan federal Medicaid la. Lanjan sa a t ale tou dwat nan men konte yo pou ede yo bese taks sou pwopriyete. Yon estime anilasyon Lwa pou Swen Sante Abòdab la ap lakòz yon pèt \$595 milyon finansman. Gen detay ki disponib kounye a konsènan finansman anyèl chak konte t ap pèdi, baze sou ane dènye a.

Konte	Finansman: 2016-17
Albany	\$4,738,862
Allegany	\$786,300
Broome	\$3,049,122
Cattaraugus	\$1,211,333
Cayuga	\$1,098,606
Chautauqua	\$2,443,709
Chemung	\$1,491,573
Chenango	\$686,373
Clinton	\$1,292,531
Columbia	\$833,957
Cortland	\$786,023
Delaware	\$666,830
Dutchess	\$2,974,044
Erie	\$17,149,148
Essex	\$400,176
Franklin	\$681,442
Fulton	\$879,897
Genesee	\$691,774
Greene	\$832,298
Hamilton	\$68,800
Herkimer	\$956,261
Jefferson	\$1,601,068
Lewis	\$294,378
Livingston	\$686,242
Madison	\$842,891
Monroe	\$13,023,431
Montgomery	\$797,695
Nassau	\$17,866,829

Niagara	\$3,849,704
Oneida	\$4,169,425
Onondaga	\$7,871,592
Ontario	\$1,042,122
Orange	\$5,021,173
Orleans	\$667,917
Oswego	\$2,281,144
Otsego	\$729,112
Putnam	\$561,094
Rensselaer	\$2,307,076
Rockland	\$3,867,080
St. Lawrence	\$1,564,073
Saratoga	\$1,864,638
Schenectady	\$2,462,377
Schoharie	\$475,760
Schuyler	\$312,126
Seneca	\$369,493
Steuben	\$1,514,370
Suffolk	\$18,310,813
Sullivan	\$1,439,822
Tioga	\$589,433
Tompkins	\$1,015,126
Ulster	\$2,935,566
Warren	\$787,632
Washington	\$746,252
Wayne	\$910,595
Westchester	\$15,243,258
Wyoming	\$382,781
Yates	\$282,426
Total nan Nò a	\$162,405,572
Total pou Vil New York	\$433,294,428
Total Eta New York	\$595,700,000

George Gresham, Prezidan, 1199SEIU United Healthcare Workers East, di konsa, “Se chak jou moun nan New York k ap travay nan domèn lasante wè enpak pozitif Lwa pou Swen Sante Abòdab. Pasyan nou yo kapab jwenn swen prevansyon olye pou yon rive nan sal dijans nou yo avèk maladi avanse. Anplwayè nou yo redui pèt nan kad swen ki pa peye. Zanmi ak fanmi nou yo pran souf paske lè yo malad, sa pa vle di finans yo gate. Si yo anile Lwa pou Swen Sante Abòdab la, san yo pa ranplase li kòm sadwa, sa va gen konsekans imedyat ki va yon dezaz pou plizyè milyon moun parèy nou nan New York, epitou pou bidjè leta ak bidjè lokal. Nou aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo ki bay tout moun New York enfòmasyon sou konsekans sa yo, e nou fyè dèske nou kanpe avè l pou nou pran ka sante tout moun New York.”

Prezidan Greater New York Hospital Association, Kenneth E. Raske di konsa, “Chif sa yo enkyetan anpil, e pwoblèm fèk kare kòmanse si yo anile Lwa pou Swen Sante Abòdab la. Li pwal yon malè pou kominote lopital la tou. 27 lopital atravè eta New York sou yon “lis an danje” akzò tètchaje finansye yo genyen, e anpil lòt lopital piblik ak prive gen menm pwoblèm fiskal sa yo. Si yo anile Lwa pou Sante Abòdab la san yo pa met sou pye yon plan rapid e adekwa pou ranplase li, sa va fè bagay yo vin pi grav toujou pou lopital yo, ki se potomitan kominote ki nan nesesite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li, e mwen vle travay ak manb toude pati delegasyon Kongrè New York la pou pwoteje swen sante tout moun New York.”

Bea Grause, Prezidan Healthcare Association of New York, te di, “Anplis dèske yo bay swen pou moun ki nan nesesite, lopital yo se pi gwo anplwayè nan kominote yo, toupatou nan eta a. Si yo anile ACA, sa kapab gen gwo konsekans sou jan yo bay swen sante epitou sou djòb ak aktivite ekonomik. Li enpòtan anpil pou Kongrè konsyan de reyalite sa a. Mwen kontan anpil pou m travay avèk Gouvènè a nan kad jefò l ap fè pou pwoteje moun New York.”

###